दिन—गुरूवार दिनांक—31.07.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल प्रधानमंत्री किसान सम्पदा योजना के लेल एक हजार नओ सय बीस करोड़ टाकाक अतिरिक्त राशि के संग कुल छओ हजार पांच सय बीस करोड़ टाकाक राशि के स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता मे आइ भेल बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कैबिनेटक निर्णय के जनतब दैत कहलनि जे पंद्रहम वित्त आयोग चक्र दू हजार एकैस—बाईस सँ वर्ष दू हजार पचीस—छब्बीस धरिक लेल ई राशि स्वीकृत कयल गेल अछि। केन्द्रीय मंत्रिमंडल बिहार सहित छओ राज्यक तेरह जिला मे रेवले क चारि मल्टी ट्रैकिंग परियोजना सभ के स्वीकृति देलक अछि। एहि सँ भारतीय रेलवे के वर्तमान नेटवर्कक लगभग पांच सय चौहत्तरि किलो मीटर विस्तार भऽ जायत।

---

संसदक दुनू सदनक कार्यवाही आइ बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनिक जोरदार हंगामा आ नाराबाजी के भेट चढ़ि गेल। दुनू सदन मे प्रश्नकाल बाधित हेबाक संगहि दिनभर के कार्यवाही प्रभावित रहल। हंगामा आ होहल्ला के कारण लोकसभा आ राज्यसभा के कार्यवाही कतेको बेर स्थगित करऽ पड़ल।

---

एम्हर, राज्य मे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षणक काज सुचारू रूप सँ चलि रहल अछि। अभियानक दोसर चरणक अंतर्गत काल्हि प्रारूप निर्वाचन सूची के प्रकाशन कयल जायत। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे मतदाता आ राजनीतिक दल एहि सूची पर एक सितंबर धरि दावा—आपत्ति कऽ सकैत छथि। एक अगस्त के सूची प्रकाशित भेला के बाद कोनो मतदाता सेवा पोर्टल पर जा कऽ सूची मे अपन नाम देख सकैत छथि। जौं ड्राफ्ट मे नाम अंकित नहि अछि अथवा गलत जनतब अछि तऽ विशेष कैंप मे दावा—अपत्ति कराओल जा सकैत अछि। आयोग कहलक अछि जे दावा—आपत्ति के निष्पादनक लेल सभ प्रखंड सह अंचल कार्यालय तथा शहरी निकाय कार्यालय सभ मे दू अगस्त सँ एक सितंबर धरि विशेष

कैंप लगाओल जायत। ई कैंप सप्ताह के सातो दिन पूर्वाह्न दस बजे सँ अपराह्न पांच बजे धरि संचालित होयत।

——————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुजफ्फरपुर के भगवानपुर चौक पर आयोजित कार्यक्रम मे जिला मे कतेको विकास योजना सभक आधारशिला राखलनि। श्री कुमार छओ सय पचास करोड़ टाका सँ बेसी के लागतिबला सात पैघ परियोजना सभक ऑनलाईन शिलान्यास कयलनि। एहि मे शिवहर–मीणापुर–कांटी सड़क सहित कतेको पुल–पुलिया के निर्माण सम्मिलित अछि। एहि अवसर पर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

——————————————————————

राष्ट्रीय जांच एजेंसी– एनआईए के मुंबई स्थित एक विशेष अदालत दू हजार आठक मालेगांव विस्फोट मामिला मे पूर्व सांसद प्रज्ञा ठाकुर आ लेफ्टिनेंट कर्नल प्रसाद पुरोहित सहित सभ आरोपी के बरी कऽ देलक अछि। विस्फोटक ई घटना उनतीस सितंबर दू हजार आठ मे नासिक के मालेगांव शहर मे घटित भेल छल। एहि घटना मे छओ गोटे मारल गेलाह आ कतेको आन गोटा घायल सेहो भऽ गेल छलाह।

——————————————————————

भारतीय जनता पार्टी दू हजार आठक मालेगांव विस्फोट मे सभ आरोपी के बरी करबाक एनआईए के विशेष अदालतक निर्णय के स्वागत कयलक अछि। नव दिल्ली मे पार्टी सांसद रविशंकर प्रसाद एहि दिन के ऐतिहासिक जनौलनि अछि।

——————————————————————

राज्य मे सभ घरेलू उपभोक्ता लोकनि के काल्हि सँ एक सय पच्चीस यूनिट मुफ्त बिजली योजना के लाभ भेटऽ लागति। विगत दिन कैबिनेट एहि संबंध मे प्रस्ताव परित कयने छल। उपभोक्ता लोकनि के निःशुल्क बिजली के लाभ जुलाई मासक बिल पर सेहो भेटत। एहि सँ लगभग एक करोड़ छियासी लाख उपभोक्ता लोकनि के लाभ भेटत।

——————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे मॉनसूनी वर्षा लगातार भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे गयाजी जिला के डोभी मे सभ सँ बेसी नब्बे

दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे कटिहार, भागलपुर, मुंगेर आ खगड़िया सहित राज्यक दक्षिण–पूर्वी आ उत्तरी भाग मे किछु ठाम अन्हर–पानि के आशंका अछि। एहि दरमियान कतेको ठाम ठनका खसबाक सेहो संभावना अछि।

———————————————————————

प्रदेशक नदी सभ जलग्रहण क्षेत्र मे भारी वर्षा के कारण गंगा, गंडक, कोसी आ महानंदा सहित विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर सँ मुंगेर धरि बढ़ल अछि। पटना के गांधी घाट आ हाथीदह मे नदी के जलस्तर खतराक निशान के एकदम लऽग पहुँचि गेल अछि। एम्हर, गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरिया घाट मे चेतावनी स्तर सँ आधा मीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। बूढ़ी गंडक नदी के जलस्तर खगड़िया मे लाला निशान के बहुत लऽग पहुँचि गेल अछि। ओतहि, कोसी नदी के जलस्तर खगड़िया के बलतारा मे खतराक निशान सँ लगभग डेढ़ मीटर ऊपर बनल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर के रहऽवला वैभव सूर्यवंशी के ऑस्ट्रेलिया दौरा के लेल सेहो भारतीय अंडर–नाइनटीन टीम मे सम्मिलित कऽ लेल गेल अछि। एहि दौरा पर भारतीय टीम तीन वन–डे आ दू टेस्ट मैच खेलत।

———————————————————————

समाप्त